

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Métode Panalungtikan

Métode panalungtikan nya éta cara nu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana (Arikunto, 2010, kc. 203). Sacara jembar metodé panalungtikan nya éta cara ilmiah pikeun nyangking data dumasar kana tujuan nu hayang dihontal. Métode nu digunakeun nya éta métode déskriptif, hal ieu saluyu jeung Moleong: “*penelitian yang bermaksud untuk memahami fenomena tentang apa yang dialami oleh subjek penelitian misalnya perilaku, persepsi, motivasi, tindakan, dll.*” (Efendi, 2013, kc. 6).

Métode dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sajarah, prak-prakan, ajén éstética nu aya dina kasenian Réog Cengal, sarta matalikeun ajén éstética anu nyangkaruk dina kasenian Réog Cengal di Kacamatan Japara pikeun bahan pangajaran maca di kelas IX.

3.2 Téhnik Ngumplkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta analisis data hasil obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Data hasil obsérvasi tuluy dikumpulkeun sarta didéskripsikeun, tuluy diolah dumasar kana pamarekan éstética. Nu dipaluruh nya éta ngeunaan sajarah kasenian Réog Cengal, prak-prakan kasenian Réog Cengal, ajén éstéika nu aya dina kasenia Réog Cengal, sarta ngadéskripsikeun bahan pangajaran maca bahasan budaya ngeunaan kasenian, pikeun mikanyaho luyu henteu dijadikeun alternatif bahan pangajaran.

3.3 Téhnik Ngolah Panalungtikan

Téhnik nu digunakeun pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta analisis hasil obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Data tina hasil obsérvasi dipasing-pasing tuluy didéskripsikeun, sanggeus kitu diolah pikeun kapentingan

panalungtikan dumasar kana pamarekan éstética. Nu dipaluruh nya éta ngeunaan sajarah kasenian Réog Cengal, prak-prakan kasenian Réog Cengal, ajén éstética anu nyampak dina kasenian Réog Cengal, sarta kumaha pedaran matéri kasenian Réog Cengal pikeun bahan pangajaran maca kelas IX.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203), instrumén panalungtikan nya éta pakakas atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih babari sarta hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis nepi ka babari dikokolakeun. Dina ieu panalungtikan instrumén anu digunakeun nya éta, *camera digital, handphone (recorder)*, buku catetan, jeung pedoman wawancara. Pedoman wawancara nya éta runtusan patalékan-patalékan wawancara ngeunaan kasenian Réog Cengal digambarkeun dina tabél 3.1.

Tabél 3.1
Daftar Patalékan dina Pedoman Wawancara

| No. | Patalékan-patalékan wawancara |
|-----|--|
| 1. | Naha bet dingaranan kasenian Réog Cengal? |
| 2. | Ti iraha ayana kasenian Réog Cengal teh? |
| 3. | Naon kasang tukang ngadegkeun kasenian Réog Cengal? |
| 4. | Dimana tempat pagelaran lumangsung? |
| 5. | Biasana iraha kasenian ieu dipidangkeun? |
| 6. | Sabaraha lila pintonan Réog Cengal lumangsung? |
| 7. | Persiapan naon waé nu kudu disiapkeun saméméh kasenian Réog Cengal dilaksanakeun? |
| 8. | Naon waé waditra anu dipaké mirig kasenian Réog Cengal? |
| 9. | Aya katangtuan husus teu, dina pemilihan kostum nu dipaké ku pamaén Réog Cengal téh? |
| 10. | Naha aya ritual husus saméméh pagelaran lumangsung, pikeun |

| | |
|--|---------------------------------------|
| | kalancaran lumangsungna ieu kasenian? |
|--|---------------------------------------|

3.5 Desain Panalungtikan

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

DESAIN PANALUNGTIKAN

Ngadéskripsiéun:

1. Sajarah kasenian Réog Cengal
2. Prak-prakan kasenian Réog Cengal
3. Ajén éstétistik anu nyampak dina kasenian Réog Cengal
4. Kumaha pedaran matéri kasenian Réog Cengal pikeun bahan pangajaran maca bahasan kelas IX.



| | | | | |
|---|---------------|----|------|--------|
| NGAYAKEUN | PANALUNGTIKAN | DI | DESA | CENGAL |
| KACAMATAN JAPARA JEUNG NGAWAWANCARA SENIMAN | | | | |



| | | | | |
|------------------------------------|------|-------|------------|------|
| NGADÉSKRIPSIKEUN | DATA | JEUNG | NGANALISIS | AJÉN |
| ÉSTÉTIKA DINA KASENIAN RÉOG CENGAL | | | | |



| | | | | |
|--|--|--|--|--|
| KUMAHA PEDARAN MATÉRI KASENIAN RÉOG CENGAL PIKEUN PANGAJARAN | | | | |
|--|--|--|--|--|



| |
|--|
| NYIEUN KACINDEKAN TINA HASIL NGOLAH DATA |
|--|

3.6 Sumber Data

Sumber data nya éta subjék ti mana data dicangking. Sumber data mangrupa asal data panalungtikan ti lapangan. Sumber data ngawengku tilu, nya éta jalma, tempat, jeung kertas (Arikunto, 2010, kc. 172).

- 1) Jalma, nya éta sumber data nu bisa méré data nu mangrupa jawaban lisan jeung tinulis.
- 2) Tempat, nya éta sumber data nu némbongkeun kaayaan cicing jeung gerak.
- 3) Kertas, nya éta sumber data nu bisa méré data nu ngagambarkeun tanda-tanda mangrupa huruf, angka, atawa gambar.

Luyu jeung pedaran di luhur, sumber data dina ieu panalungtikan nya éta ti seniman atawa jalma-jalma nu aya patalina jeung kasenian Réog Cengal, tina hasil rékaman ngawawancara, foto atawa video pintonan kasenian Réog Cengal nu aya di Kacamatan Japara Kabupatén Kuningan.

3.6.1 Seniman Réog Cengal

Dina ngumpulkeun data ngeunaan kasenian Réog Cengal, panalungtik ngayakeun wawancara jeung para seniman nu aya di Désa Cengal Kacamatan Japara Kabupatén Kuningan. Di antarana wawancara ka pupuhu kasenian Réog Cengal, palaku kasenian Réog Cengal, jeung sesepuh masarakat Désa Cengal.

Tabé1 3.2

Biodata Informan

| No. | Biodata Informan | |
|-----|--|---|
| 1 | Wasta : Suanda (Ebro) Umur : 70 Taun Pakasaban : Tani Atikan : SD Alamat : Ds. Cengal Dusun VII RT/RW 27/07 |  |

| | | |
|---|---|---|
| | Kalungguhan : Pupuhu Kasenian Réog Buhun Cengal | |
| 2 | <p>Wasta : Aknan A.R Permana</p> <p>Umur : 75 Taun</p> <p>Pakasaban : Pensiunan Guru</p> <p>Atikan : SGA</p> <p>Alamat : Ds. Cengal Dusun III RT/RW 10/07</p> <p>Kalungguhan : Sesepuh Masyarakat Désa Cengal</p> |  |
| 3 | <p>Wasta : Pendi</p> <p>Umur : 76 Taun</p> <p>Pakasaban : Tani</p> <p>Atikan : SD</p> <p>Alamat : Ds. Cikeleng Dusun Puhun RT/RW 10/07</p> <p>Kalungguhan : Palaku Kasenian Réog Cengal</p> |  |
| 4 | <p>Wasta : Juanda</p> <p>Umur : 51 Taun</p> <p>Pakasaban : PNS</p> <p>Atikan : S2</p> <p>Alamat : Ds. Citapen Dusun I RT/RW 01/01</p> <p>Kalungguhan : Palaku Kasenian Réog Cengal</p> |  |

3.6.2 Gambaran Umum Lokasi, Sosial, Budaya, jeung Tempat Panalungtikan


3.6.2.1 Letak Géografis

Désa Cengal nu dijadikeun tempat panalungtikan pernahna aya di Kacamatan Japara Kabupatén Kuningan. Sacara administrasi Désa Cengal beulah kidul diwatesanan ku Désa Pamulihan (Kacamatan Cipicung), jeung beulah kalér

diwatesanan ku Désa Cikeléng (Kacamatan Japara), beulah kulon diwatesan ku Désa Wano (Kacamatan Japara), beulah wétan diwatesanan ku Désa Jambugeulis (Kacamatan Cigandamekar).

Désa Cengal miboga 7 dusun (I-VII), 7 RW, 32 RT. Dumasar data ti désa, jumlah penduduk nu kacatét bulan Februari taun 2013 aya 4.984 jiwa, anapon wincikanana nya éta: awéwé 2.549 jiwa jeung lalaki 2.435 jiwa.

Gambar 3.1 Peta Kacamatan Japara



- /// Désa Cengal
- Jalan Raya Utama
- Walungann
- Jalan Désa

3.6.2.2 Warga

Dina kahirupan sapopoéna hubungan antar masarakatna kawilang alus, sarta masarakatna soméah hadé ka sémah. Ka titaén, saupama aya kapapaténan, aya jalma nu gering, aya nu keur nyieun imah sok silih bantuan boh matéri boh non matéri. Ieu nandakeun yén dina kahirupan sapopoéna hirup sauyunan, silih rojong,

silih ajénan antara masarakat nu hiji jeung nu lianna. Kitu oge dina kagiatan séjénna saperti kerja bakti, masarakat Désa Cengal paheuyeuk-heuyeuk leungeun.

3.6.2.3 Atikan

Dina widang atikan Désa Cengal kawilang alus, katitén masarakatna ngarasa butuh kana dunya atikan ku kituna kolotna aya nu nyakolakeun budakna ti mimiti PAUD, TK, SD, SMP/MTs, SMA/MA/SMK, jeung paguron luhur. Masarakat Désa Cengal, sacara umum masarakatna geus wawuh kana huruf (bisa maca) jeung wawuh kana angka (bisa ngitung).

3.6.2.4 Agama

Masarakat Désa Cengal sacara umum ngagem agama Islam. Kagiatan-kagiatan rutin kaagaman anu dilaksanakeun nya éta pangajian mingguan ibu-ibu unggal poé Minggu, Salasa, jeung Rebo, pangajian rutin barudak leutik bada lohor, jst.

3.6.2.5 Basa

Basa nu dipaké ku masarakat Désa Cengal sacara umum nya éta basa Sunda, sok sanajan aya masarakat nu lain urang Sunda saperti Jawa, manéhna ngaluyukeun maké basa Sunda waktu komunikasi jeung masarakat, sanajan dina lentong masih kénéh kandel lentong Jawana.

3.6.2.6 Pakasaban

Pakasaban masarakat Désa Cengal réréana kana tani jeung dagang, tapi salian ti éta aya ogé nu digawé jadi PNS, guru, montir, kuli bangunan, tukang ojég, sopir, jrrd.

3.6.2.7 Wangenan Operasional

Pikeun nyingkahan kasalahpahaman dina nafsirkeun istilah-istilah dina ieu panalungtikan, nu judulna Ajén Éstética dina Kasenian Réog Cengal Kacamatan Japara Kabupatén Kuningan pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan SMP Kelas

IX. Ku kituna, perlu pisan didadarkeun istilah-istilah nu aya dina ieu panalungtikan.

- 1) Ajen nya éta nilai atawa harga;
- 2) Éstética nya éta bagian tina élmu filsafat nu ngaguar ngeunaan kaéndahan;
- 3) atawa hal nu éndah hususna dina seni, cita rasa nu satata dina meunteun seni Sarta tanggapan manusa kana éta kaéndahan;
- 4) Kasenian nya éta bagian tina budaya jeung sarana nu dipaké pikeun ngaéksprésikeun rasa kaéndahan dina haté manusa;
- 5) Réog Cengal nya éta salahahiji kasenian tradisional nu aya di wewengkon Kuningan.
- 6) Bahan pangajaran nya éta salahahiji komponén dina prosés diajar-ngajar.
- 7) Pangajaran maca nya éta kagiatan diajar-ngjar di sakola ngaliwatan bahan bacaan.